

Èske w prepare pou yon ijans Otism? Dapre Dennis Debbaudt 2005

Pou asire sekirite ak diminye ris pou timoun oswa granmoun ki gen maladi otism, paran ak doktè bezwen vin aktif anpil epi prepare yon feyè enfòmasyon pou distribye

Kòz prensipal enkyetid se timoun ak granmoun kap kite kay yo oswa kap kouri kite paran yo ak moun kap pran swen yo. Pi gwo trajedi a, sous dlo tankou pisin, mare ak letan trè souvan atire timoun ak granmoun ki gen otism. Kòm ekzanp, nwaye se kòz prensipal lanmò pou timoun oswa granmoun ki gen otism.

Egareman kapab rive nenpòt kote nan nenpòt ki lè. Souvan, se premye fwa a ki konn pi move moman.

Yon lòt enkyetid se preparasyon nan ka kote ou vin pa vo tèt ou anyen oswa ou gen domaj pandan w ap pran swen yon moun ki gen otism lakay oswa nan kominote a.

Ou ta dwe devlope yon feyè enfòmasyon, kopye l epi pote l ak ou toutan- lakay ou, nan machin ou, nan valiz ou oswa nan bous ou. Epi tou, distribye feyè sa a bay manb fanmi w, vwazen ou fè konfyans, zanmi, ak kòlèg travay. W ap gen feyè sa a nan men w tou si ou nan yon lòt zòn ki pa vwazinaj pa w epi lapolis ta apwoche w.

Si egareman se yon pwoblèm, kontakte lapolis, ponpye ak konpayi anbilans yo. Mande biwo 911 nan lokalite w la pou "mete" enfòmasyon sa a nan bank enfòmasyon 911 òdinatè yo. Operatè kab alète ofisye patwouj yo osijè pwoblèm nan anvan yo rive. Lè nou bay lapolis enfòmasyon kle anvan aksidan an rive, nou kab espere pi bon rezilta .

Alète vwazen w yo

Konpòtman ak karakteristik otism gen potansyèl pou attire atansyon piblik la. Pwofesyonèl lapolis yo sijere ou fè rankont ak devlope relasyon ak vwazen w yo.

- Deside ki enfòmasyon pou bay vwazen w yo
- Planifye yon kout visit kay vwazen w yo
- Prezante pitit ou a oswa granmoun lan oswa yon foto
- Bay vwazen w lan yon feyè ak non ou, adrès ou, ak nimewo telefòn ou

- Mande yo pou yo rele w imedyatman si yo ta wè ti gason w lan oswa ti fi w la deyò kay la.

Apwòch sa a kab yon bon mwayen pou evite pwoblèm pi devan epi l ap fè vwazen w:

- Konnen rezon pou konpòtman etranj yo
- Konnen ou se yon moun ki abòdab
- Gen opòtinite pou rele w anvan yo rele 911

Konnen vwazen w yo kab fè wout pou meyè entèaksyon sosyal pou manb fanmi w ki souffri otism.

Prevansyon

Si egareman se yon pwoblèm pou fanmi w, panse pou kontakte yon serirye pwofesyonèl, konpayi sekirite, oswa pwofesyonèl ki amelyore kay.

Modèl feyè pou kontak an ijans pou otism

- **Non timoun oswa granmoun nan**
- **Fotograf resan ak deskripsyon fizik ki enkli otè, pwa, koulè zye ak koulè cheve, nenpòt mak oswa lòt mak ki idantifyab**
- **Non, kay, nimewo telefòn potab ak bipè epi adrès paran yo, lòt moun kap pran swen ak moun pou kontakte anka ijans**
- **Pwoblèm sansoryèl, medikal, oswa pwoblèm dyetetik ak ekzijans, si genyen**
- **Enklinasyon pou tonbe damou epi nenpòt konpòtman tipik oswa karakteristik ki kab atire atansyon**
- **Atraksyon favori ak lokalite kote ou kab jwennmoun nan**
- **Apwòch ak teknik pou de-entansifye, sa li renmen, sa li rayi**
- **Metòd kominikasyon, si se non-vèbal-siy langaj, tablo foto, mo ekri**
- **Pote idantifikasyon-bijou, etikèt sou rad, kat enprime pou distribye**
- **Kat gewografik ak gid pou adrès nan pwopriyete ki pre ak sous dlo epi lokalite ki danjere yo make**
- **Kopi oswa desen kay ou, ak chanm endividi a make**

Kontak pou enfòmasyon:

Dennis Debbaudt
 2338 SE Holland Street
 Port St.Lucie Fl 34952
 Telefòn (772)398-9756
 Adrès elektwonik ddpi@flash.net
[hppt://www.autismriskmanagement.com/](http://www.autismriskmanagement.com/)

